



BEACH SAFETY

KWIKINGIRA IMPANUKA AHO BOGERA (KU KIYAGA)



Kirundi

Surf lifesavers and lifeguards prominently display flags and warning signs to indicate the safest areas to swim for the beach going public. Abacungera ubuzima ku mazi ku bagendera ku mazi baramanika amabendera ahabona, hamwe n'ibindi bimenyetso vyo kugabisha abantu bakunda kuja kwisamaza ku musenyi kugira beregakane ibice vyo kogeramwo ata mpanuka.

THE EASY WAY TO STAY SAFE AT THE BEACH IS TO REMEMBER THE 'FLAGS' MESSAGE
INZIRA YOROSHE KWIRINDA IMPANUKA NI KWIBUKA IMPANURO "AMABABENDERA" (F-L-A-G-S)

F

FIND THE FLAGS AND SWIM BETWEEN THEM
RONDERA AHARI AMABENDERA, UGUME HAGATI YAYO URIKO UROGA

Amabendera afise ibara ritukura n'irisa n'umuhondo yerekana ahantu hacunzwe n' abacungera ubuzima ku mazi. Ayo mabendera yerekana ahantu hatagira impanuka ho kogera

L

LOOK AT AND READ THE SAFETY SIGNS
RABA KANDI USOME IBIMENYETSO

Ibimenyetso biragufasha kubona ingorane zishobora gushika hamwe n'uko ibihe ku musenyi bigenda umusi ku musu. Iryo bimenyetso ubisanga aho binjirira ku musenyi, hamwe n'ahamanitse amabendera. Usabwe gusoma witonze imbere yo kuja mu mazi.

A

ASK A LIFESAVER OR LIFEGUARD FOR SOME GOOD ADVICE
SABA IMPANURO UMWE MU BACUNGERA UBUZIMA KU MUSENYI

Ibihe vyo gukoresha ibintu vyo kugendera ku mazi bishobora guhinduka vuba na vuba (uburebure mu mazi, imikuba, uko ingana n'uko imeze). Imbere yo kwinjira amazi, banza uvugane n'uwucunga ubuzima ku mazi.

G



GET A FRIEND TO SWIM WITH YOU
SABA UMUGENZI MWOGERE HAMWE

Imisi yosi uzogire umugenzi mwogera hamwe kugira mufashanye kwirinda impanuka mwongere mutabaze bikenewe. Imisi yosi abana bategerezwa gucungwa n'abakuze.

S

STICK YOUR HAND UP FOR HELP
DUZA UKUBOKO MU GUTABAZA

Mu gihe uri mu mazi ukagira ingorane, guma utekanye. Duza ukuboko werekane ko ushaka uwogutabara, ugerageze kureremba ku mazi mu kurindira. Urerembe uja iyo umukuba uja. Ntugerageze kuja mu nzira inyuranye n'umukuba.



REMEMBER NO FLAGS = NO SWIM
URIBUKA KO ATA MABENDERA = NTA WOGA

Supported by

WHAT DO THE FLAGS AND SIGNS MEAN? AMABENDERA N'IBIMENYETSO BISIGURA IKI?



RED AND YELLOW FLAGS

AMABENDERA AFISE IBARA RITUKURA N'IRISA N'UMUHONDO

Ryerekana ahantu ho kogera ata mpanuka kandi hacungerewe n'abacungera ubuzima mu mazi.



YELLOW FLAG

IBENDERA RISA N'UMUHONDO

Itonde – ibihe bishobora kumera nabi, ariko nta ntambanyi yo koga.



RED FLAG

IBENDERA RITUKURA

Hashoboora kuba impanuka – ntibirekuwe kuja mu mazi
Mugihe ibendera ritukura rimanitswe, aho bogera ku mu senyi harugaye.



RED AND WHITE QUARTERED FLAG

IBENDERA RIGABUYEMWO IBICE BITUKURA N'IVYERA

Gutabara vyihutirwa – Va mu mazi buno nyene.
Mu gihe biteze impanuka, iri bendera rizoduzwa bongere bavuze isifure bagabishe abariko baroga ngo bave mu mazi. Mu bihe vyinshi, abacungera ubuzima ku mazi bazoba bariko batabara canke babonye igikoko kiryana co mu mazi.



BLUE FLAG

IBENDERA RISA N'UBURURU

Aho abakoresha ibintu vyo kugenderako ku mazi- abakoresha ibintu vyo kugenderako ku mazi bategerezwa kuguma y'amabendera atukura n'ayasa n'umuhondo



DANGEROUS CURRENTS IMIKUBA ITEYE UBWOBA

Muri kino gihe hari imikuba iteye ubwoba



MARINE STINGERS IBIKOKO VYO MU MAZI BIRYANA

Hari ibikoko biryana biteye ubwoba mu mazi



CROCODILES INGONA

Muri kino gice bahabonye ingona



SHARKS AMAFI MANANI ARYANA

Muri kino gice bahabonye ifi iryana (amafi aaryana)



BLUE BOTTLES UDUKOKO DUFISE UBUMARA

Hano hari udukoko dufise ubumara



HIGH SURF IMIKUBA MU MIYAGA YO KWITONDERA

Umukuba uvanze n'umuyaga biteye ubwoba canke umukuba ushobora gusinzikaza amagara



NO SWIMMING KIRAZIRA KOGA



ONLY SWIM BETWEEN THE RED AND YELLOW FLAGS

Koga birekuwe hagati y'amabendera atukura kandi asa n'umuhondo

Supported by